# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 सितम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

सेमीकॉन इंडिया दुइ हजार पचीस क दुसरका दिन्ने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली के यशोभूमि में सेमीकंडक्टर क्षेत्र के बिसेसज्ञन के साथे बातचीत कइलें। प्रधानमंत्री परदरसनी में सेमीकंडक्टर से जुड़ल कई गो उत्पादन अउर परियोजनन क जनकारी लिहलें। उहां के आजु केन्द्रीय मंत्री अश्विनी वैष्णव के ओरि से लिखल गइल एगो लेखो साझा कइलीं, जेहमें भारत क परिवर्तनकारी सेमीकंडक्टर यात्रा के रेखांकित कइल गइल बा। प्रधानमंत्री कहलें कि सेमीकंडक्टर इंडिया समिट–दुइ हजार पचीस येह जतरा के निरंतरता क प्रतीक हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान–आईआईटी कानपुर की ओरि से आयोजित समन्वय कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह दौरान अपने सम्बोधन में मुख्यमंत्री कहलें कि आईआईटी जइसन संस्थानन क पाछे क मंसा ईहे हौ कि ऊ योजक के तौर पर कार करें।

**अगर मनुष्य अयोग्य है, अगर वनस्पति औषधि के योग्य नहीं है, अगर अक्षर मंत्र बनने के योग्य नहीं हैं तो यह मान कर के चलिए कि कोई योजक नहीं है। जोड़ने वाला नहीं है। और मुझे लगता है कि आईआईटी जैसे संस्थानों के पीछे की मंशा यही है कि वह उस योजक के रूप में काम करें और यह समन्वय का कार्यक्रम उस योजक के रूप में एक नई कड़ीं की एक नई भूमिका का निर्वहन करने के लिए आज यहां पर आयोजित है।**

कार्यक्रम के बादे एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला करीब छौ दसक में आईआईटी कानपुर टेक्नोलॉजी के क्षेत्र में देस के बहुत कुछु दिहले हौ। उहां के आईआईटी कानपुर की ओरि से क्वांटम कम्प्यूटिंग के क्षेत्र में कइल जा रहल कार पर खुसी जतवलीं।

मुख्यमंत्री बिहने गोरखपुर में कई गो कार्यक्रम में हिस्सा लीहें। उहां के गोरखा रेजिमेंट क गोरखा भरती डिपो में युद्ध स्मारक क सुन्दरीकरण कार अउर भव्य संग्रहालय के सिलान्यास कार्यक्रम में प्रतिभाग करबि। येह कार्यक्रम में चीफ ऑफ डिफेंस स्टाफ–सीडीएस जनरल अनिल चौहानो सामिल हो रहल हवें। एकरे अलावा मुख्यमंत्री अउरियो कई गो परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास समारोह कै हिस्सा बनिहें।

**********

नेपाल अउर भूटान से सड़कि आ वायु मार्ग से भारत आवे वाले नागरिकन बदे पासपोर्ट चाहे वीजा के बिना जतरा क सुविधा जारी रही। गृह मंत्रालय आव्रजन अउर बिदेसी छूट आदेस दुइ हजार पचीस अधिसूचित कइ दिहले हौ। एकरे तहत बिसेस श्रेणी में वैध पासपोर्ट, जतरा दस्तावेज आ वीजा से जुड़ल जरूरतिनि से छूट दीहल गइल बा।

**अफगानिस्तान, बंगलादेश और पाकिस्तान के अल्पसंख्यक समुदाय के व्यक्ति, जो धार्मिक उत्पीड़न या इसके भय से भारत में शरण लेने को बाध्य हुए और जो 31 दिसम्बर 2024 को या इससे पहले बिना किसी वैध दस्तावेज के भारत आ गए या जिनके पासपोर्ट या अन्य यात्रा दस्तावेज की वैधता समाप्त हो गई है, उन्हें वैध पासपोर्ट और वीजा की आवश्यकता से छूट दी जाएगी। इन अल्पसंख्यक समुदायों में हिन्दू, सिख, बौद्ध, जैन, पारसी और इसाई शामिल हैं। दीप्रेंद की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से फरहत नाज।**

**********

अमेठी क शुकुल बजारि थान्हा इलाका में पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे पर आजु तड़कै तीनि बजे भइल एगो सड़कि हादसा में तीनि जने क मउति हो गइल। ई दुरघटना ओह समय भइल जब गाजीपुर से लखनऊ के पटरी पर जा रहलि एगो तेज रफ्तार कार बेकाबू हो के करीब साठि दसमलव एक किलोमीटर पर पड़े वाले एक्सप्रेस–वे के कैंटीन के कट पर घूमि रहल एगो ट्रक में घुसि गइलि। दुरघटना क सिकार तिन्नो जने कानपुर क रहवइया रहलें।

**********

भारी बरखा अउर खराब मौसम के नाते जम्मू में माता वैष्णो देवी क जतरा अबहिनों स्थगित बा। येह बिच्चे उत्तर रेलवे जम्मू अउर कटरा स्टेसनन से आवे–जाये वाली अड़सठ ट्रेनन के तीस सितम्बर ले रद्द कइले क घोसणा कइले हौ। हलांकि चउबीस ट्रेनन क परिचालन फेर से सुरू कइल जा रहल बा। जम्मू क्षेत्र में बरिस ओन्नइस सौ दस के बाद से सबसे बेसी बरखा दरज कइल गइल हौ। जम्मू अउर कटरा के बिच्चे स्थानीय लोगिन अउर फंसल यात्रियन क आवाजाही के सुगम बनावे बदे दुइ गो ट्रेनन के साथे सटल सेवो सुरू कइल गइल बा।

**********

प्रदेस के कई जिलन में भारी बरखा अउर ओकरे नाते भइल जलजमाव आ बाढ़ि के चलते जन–जीवन परभावित बा। येह बिच्चे, मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में बिहनहूं कुछु जगहिनि पर बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। बरखा के नाते फर्रूखाबाद के सथहीं कई गो अउरियो जिलन के स्कूलन में छुट्टी रहल। येह बिच्चे गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन में आजु मौसम साफ रहल आ लोगि उमस भरल गरमी क सामना कइलें।

**********